



KABUPATEN WONOSOBO

**PAMEDHAR SABDA BUPATI /WAKIL
BUPATI/SKRETARIS DAERAH/STAF AHLI/
ASISTEN SETDA KABUPATEN WONOSOBO
ING ADICARA GELAR BUDAYA PENGETAN
AMBAL WARSA KAPING 200
KABUPATEN WONOSOBO**

**ASSALAMU'ALAIKUM WR WB,
ASIHING GUSTI INKGANG MOHO AGUNG,MUGI
TANSAH KASANDING TUWIN KASANDANG ING
JIWONGGO PANJENENGAN SEDOYO LAN KULO
RAHAYU SAGUNG DUMADI WIDODO NISKOLO
LULUS RAHARJO.**

- Poro sesepuh pinisepuh ingkang kinabekten
- Staf Ahi miwah Asisten Setda ingkang Luhur ing Budi.
- Poro Pimpinan OPD/Badan/Dinas/Setda Kabupaten Wonosobo,ingkang sinudarsono.
- Camat dalah Jajaran Forkopimca ingkang sinanding karaharjan.
- Kepala Desa /Kelurahan ing wewengkon Kecamatan.....miwah sanggyaning tamu sinedhahan ingkang bagyo lan mulyo.

Puji syukur konjuk dhumateng Gusti Inkgang Moho Asih, Dzat Inkgang Moho Tunggal nun inggih Allah SWT, ingkgang sampun hangluberaken warih Karahayon awujud Rahmat soho Hidayah satemah panjenengan sedoyo lan kulo saget pepanggihan ing kalodhangan ingkgang sae meniko, kanthi winengku ing kasarasan miwah karaharjan.

Kepareng ing kalodhangan ingkgang sae meniko, kulo sakrombongan saking Pamarinteah Kabupaten Wonosobo derek bingah lan mongkog awit wontenipun adicoro ing rerangken Pengetan Ambal Warso kaping 200(*kalih atus*) Kabupaten Wonosobo ingkgang kawontenaken ing kecamatan.....

Pasarto miwah tamu sinedahan ingkgang kalinggo ing kawilujengan.

Nembe kewolo, panjenengan sedoyo lan kulo derek Hanekseni miwah Hanjampangi Pasrah Tampi Panji dalah Pusako Projo saking Desa /Kelurahan ingkgang pungkasan ing wewengkon Kecamatan..... Panji lan Pusoko Projo meniko sampun kapasrahaken rikolo dinten Kamis Legi katiti suryo kaping 3 wulan Juli warso 2025 (*kalih ewu selawe*) kanthi Dawuh Bupati Pangarso Projo murih kakirabaken ing saben saben Desa/Kelurahan ing kukuban Kabupaten Wonosobo, Babagan meniko ngemu suraos bilih Pengetan Ambal Warso Kabupaten Wonosobo sanes gadahanipun Pamarintah Daerah, nanging sedoyo Wargo Masyarakat ing Kabupaten Wonosobo ugi derek handarbeni lan hanyengkuyung satemah saget ngraosaken manfaat miwah kasiling saben ngadani Pengetan Ambal Warso.

Wontenipun toto upocoro Kirab Panji lan Pusoko Projo ing Desa /Kelurahan sa Kabupaten Wonosobo dadosaken Pabrayan Agung sami derek Handarbeni lan Hanyengkuyung murih nuwuhaken roso tresno satemah saget kekiprah kanthi greget kang makantar, hangleluri kabudayan tilaran poro leluhur ingkang kadarbeni kinaryo wujuding mangun Jati Dhiri miwah Raharjaning Projo.

Pasarto ingkang Bagyo lan Mulyo.

Datan katalumpen kulo kinarya suhing Pamarintah Daerah ngaturaken Agunging Panuwun ingkang tanpo Pepindhan dhumateng Kiprah soho Panyengkuyung saking sedoyo Wargo Masyarakat ing rerangken Pengetan Ambal Warso kaping 200 (*kalih atus*)Kabupaten Wonosobo meniko, sinartan dedongo pinaringan Daya Pangaribawa Dzat Inggang Atitah sedoyo kiprah,panyengkuyung miwah pambiyantu panjenengan sedoyo kacandi minongko setunggaling wujud pangibadah satemah murakabi dhumateng sasomo lan pribadhi. Wondene punjering Pengetan Ambal Warso samangke badhe kaleksanan ing Pisowanan Agung katiti suryo kaping 24 (kawan likur) wulan Juli 2025(*kalih ewu selawe*) mapan ing Pandopo Agung menopo dene ing Alun alun Wonosobo.

Kasuwun dhumateng Jajaran Kecamatan lan Dinas / Instansi Kecamatan miwah poro perangkat pamarentahan sanesipun saget mundhut intisari pengetan ambal warso meniko kanthi tansah biwarakaken guno lan manfaat wontenipun BAZNAS(Badan Amil Zakat Nasional) jumbuh kalayan Undang Undang nomor 23 (*dua puluh tiga*) tahun 2011(*dua ribu sebelas*), ingkang nggadahi ayahan ngelola Zakat,Infak lan Sedekah ing tingkat Nasional.Awit kekiprahing BAZNAS ing daerah menapadene

tingkat Nasional saget ngirangi gunggung angka kemiskinan, murih wargo masyarakat tansaya raharjo. Kasuwun ugi dhumateng wargo masyarakat ing Kecamatan..... saget ngatur utawi mengelola sampah kanthi samentinipun, murih saget migunani kangge kesejahteraan masyarakat, babagan menika saget kawiwitan saking klompok ibu ibu PKK ing wewengkon RT lan RW kadosta giataken wontenipun Bank Sampah. Ancas kolo wau saget lumaksono, lan saget nambahi pangupo jiwo kangge kulowargo kanthi ngukuhaken tembayatan utawi sinergi antawis Pamarentah kalayan wargo masyarakat, lumantar dinas dinas terkait.

Jumbuh kalayan tema Pengetan Ambal Warsa Kabupaten Wonosobo warso 2025(*kalih ewu selawe*) DWI ABAD WONOSOBO “Kukuh Ing Tembayatan, Unggul ing Samukawis. Tumuju Wonosobo Raharjo, Adil lan Makmur”, Ing pangajab salajengipun wontenipun GELAR BUDAYA sarto Pameran Produk UMKM badhe nuwuhaken roso Nasionalisme lan Roso Tresno dhumateng Kabupaten Wonosobo satemah saget Gumregut Tandang Gawe kang tanpo kendhat sesarengan Pamarintah Daerah lan Wargo Masyarakat saget nuwuhaken daya saing, maju lan raharjo kanthi kasil ingkang migunani lan murakabi dhumateng sasomo. Kulo pitados dhumateng sedyotomo panjenengan sedoyo ingkang sae lan trep meniko Gusti Inggang Moho Agung, Dzat Inggang Moho Welas Asih nun inggih Allah SWT badhe tansah Hangijabahi, Aamiin ...Aamiin Yaa Rabbal Aalamiin.

Makaten ingkang saget kulo atutaken, sampun tartamtu kathah lepat lan khilaf anggen kulo matur, awit saking meniko nyuwun rumentahing aksomo. Minangka puputing atur kanthi

manjalmaning sesanti “GANGGWO GANGGWO TRI
GANGGWO, DURGO,MENDHAK, KOLO SIRNO HAMUNG
RAHAYU WIDODO KANG JINONGKO....WONOSOBO
TANSAH RAHARJO.

Matur nuwun, Wasono

Wassalamu’alaikum Warohmatullahi Wabarokatuh.

TIM I /II/III/IV

PAMBUKA GELAR BUDAYA

**“LINAMBARAN CIPTO,ROSO,KARSO lan KARYO
MIWAH MANUGGALING SEDYOTOMO ADICORO
GELAR BUDAYA ING
KECAMATAN.....KULO PURWAKANI
KANTHI WAOSAN BISMILLAHIR RAHMAANIR
RAHIIM”**